# Аслан æмæ Хъусой.

Царди – уыди лæппу. Йæ ном хуындис Аслан. Рæзыди лæппу æнæ мадæй. Иуахæмы йæ фыд ракуырдта иу харамзæрдæ ус. Фыццаг бонæй фæстæмæ нæ бауарзта фыдыус Асланы. Лæвæрдта лæппуйæн се'ппæтæй зындæр æмæ уæззаудæр куыст. Лæппумæ уыдис куыдз Хъусой.  Уый хуымæтæг нæ уыд, фæлæ  диссаджы куыдз уыдис, бирæ уарзта йæ гыццыл хæлары æмæ йын кæдфæндыдæр æххуыс кодта.

Иухатт, хъызт зымæгон бон фыды ус арвыста  Асланы хъæдмæ. Радта йæм чыргъæд æмæ загъта, цæмæй лæппу æрымбырд кæна æрыскъæфтæ. Хъусой нæ ныууагъта йе'мбалы фыдбылызы. Цæуы Аслан  авæд миты, уазал ын йæ рустæ хуынчъытæ кæны. Фæлæ Хъусой уазалæй нæ тæрсы, Асланы фарсмæ згъоры. Бахæццæ сты æрдузмæ. Хъусой йæ хъуынджын къæдзил сцырен кодта, алырдæм æй тилы. Урс-урсид мит æвиппайды аивта йæ хуыз. Æрдуз зæлдаг кæрдæгæй  цъæх-цъæхид фестад, йæ астæу та - бирæ гагадыргътæ. Аслан тынг тагъд  айдзаг кодта чыргъæд æмæ араст сты Хъусоимæ хæдзармæ. Ууыл фыдыус не'рсабыр, фæлæ тынгдæр мæсты кодта: зыдта, лæппуйæн Хъусой кæй æххуыс кæны. Фыдзæрдæ усы фæндыд фервæзын  Хъусойæ. Куыдзы басайдта голлагмæ, йæ ком ын бабаста æмæ йæ сарайы бамбæхста. Аслан бамбæрста йæ хорз хæлар фыдбылызы кæй ис, уый. Лæппу фервæзын кодта Хъусойы,

радзырдта йæ фыдæн фыдыус хæрамзæрдæ кæй уыд, Аслан æмæ Хъусойæ йæ фервæзын кæй фæндыд. Фыд бирæ нæ хъуыды кодта æмæ йæ усы асырдта. Уæдæй фæстæмæ бинонтæ царды сты хæларæй æмæ хъæлдзæгæй.

